



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PAK ETA SELKIRK SHORES PRAL SIBI
REVITALIZASYON 9KI EVALYE A 9 MILYON DOLA**

*Amelyorasyon teren kan, nouvo biwo ak twalèt pak yo, konsèvasyon bilding
istorik CCC yo pral kòmanse an septanm 2024*

Pwojè yo pral amelyore aksesibilite ak efikasite enèji

Reprezantasyon grafik lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon amelyorasyon konplè 9 milyon dola nan teren kan yo ak enstalasyon nan Pak Eta Selkirk Shores nan Konte Oswego pral kòmanse nan mwa septanm 2024 la. Pwojè a fè pati yon re-entestisman k ap kontinye nan sistèm Pak Eta New York la pandan l ap selebre 100èm anivèsè li.

"Avèk sit kan, lapèch, natasyon, navigasyon, ak santye ekselan li yo, Selkirk Shores reprezante pi bon lwazi deyò nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Entestisman sa a nan pak la pral benefisye ekonomi lokal la lè li atire nouvo vizitè pou yo fè eksperyans tout sa pak la gen pou l ofri, epitou l ap asire pozisyon li kòm yon tradisyon ete ki gen anpil valè pou vizitè regilye li yo."

Biwo pak la pral ranplase epi fòm antre ak sòti yo pral reyamenaje pou amelyorasyon epi fè anrejistremman ak depa pi fasil. Yo pral ranplase de twalèt kan ki egziste deja yo ak yon pi gwo enstalasyon ki pi aksesib ki sitiye plis nan sant bouk yo. Nouvo enstalasyon yo pral gen ladan douch aksesib, estasyon pou chanje tibebe, ak estasyon pou lave veso yo. An akò ak misyon Pak Eta yo (State Parks) pou redwi enpak anviwònmantral operasyon li yo, nouvo bilding yo pral konsiderableman pi efikas pase sa yo ap ranplase yo.

Amelyorasyon teren kan nan Selkirk Shores pral nan mitan pwojè a, tankou enstale wòch kase oswa pavaj nan chak nan 130 anplasman yo, amelyore drenaj dlo tanpèt yo, ajoute plis bouch dlo nan bouk teren kan yo, ak enstale nouvo karakteristik sekirite. 24 kabin pak la pral resevwa amelyorasyon aksesibilite ak amelyorasyon nan kabla elektrik yo, masonri ak twati yo.

Komisè Biwo Pak, Lwazi & Prezèvasyon Istorik la, Erik Kulleseid, te deklare, "Pak Eta Selkirk Shores te ancheri pa anpil jenerasyon Nouyòkè yo, epi nou fyè anpil nan jere eritaj li pou pwochen syèk Pak yo. Renovasyon sa yo reprezante yon lòt pwogrè

enpòtan nan inisyativ plizyè ane nou an pou rajeni pak nou yo, eskplwate ak dirabilite, epi sa ki pi enpòtan, pi byen sèvi vizitè nou yo. Nou pa ka tann pou nou selebre sezon santènè nou an ak kanpè Selkirk Shores nou yo epi reyakeyi yo nan yon pak rajeni an 2026."

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè angajman eta pran pou amelyore Pak Eta Selkirk Shores. Envestisman sa a pral asire avni pak la kòm yon destinasyon lwazi deyò pou anpil jenerasyon Nouyòkè yo. Pwojè sa a montre devouman pou amelyore kalite lavi ak opòtinite pou tout moun k ap chèche jwi kèk nan pi bon pati nan Konte Oswego. Mwen pa ka tann finisman ogmantasyon sa yo epi pataje eksperyans enpak pozitif ki dire lontan sa pral genyen sou kominote lokal nou an."

Pou fè amelyorasyon sa yo avèk efikasite san yo pa konpwomèt eksperyans kliyan an, teren kan yo ak kabin nan Selkirk Shores pral fèmen apre Jounen Travay (Labor Day) 2024 epi y ap rete fèmen pou sezon kan 2025 la. Yo envite kanpè yo pou yo ale nan vakans nan pak eta ki tou pre yo tankou Southwick Beach, Fair Haven Beach, Westcott Beach, Whetstone Golf, Burnham Point, ak Pak Eta Cedar Point. Selkirk Shores ap rete ouvè pou itilize lajounen pandan tout pwojè a.

Lòt amelyorasyon enkli ranplase pano pak la ak konstwi yon nouvo lakou rekreyasyon. Yo pral repara ak konsève estrikti Kò Konsèvasyon Sivil yo te konstwi pandan Gran Depresyon an. Yo pral renove de bilding twalèt ki sèvi lajounen yo epi yo pral vin pi aksesib, avèk ranplasman bwa ki deteryore epi ak reparasyon twati. Gwo paviyon bò lak la, ki itilize pou piknik, maryaj, pwogram ak evènman ki lye ak lanati, pral resevwa yon restorasyon total ak prezèvasyon fòm ak fabrik orijinal la. Sa a enplike ranplasman seksyon bwa ki deteryore, tenti eksteryè a, reglasaj tout pòt ak fenèt yo, ak ranplasman bado twati a pa band ak refè jwen chemine a. Ekip yo pral amelyore kwizin nan tou epi enstale yon twalèt ak pasaj pou tout sezon ki konfòm ak ADA. Anpil nan travay la pral fè pa ekip metye espesyalize Pak yo.

Pak Eta Selkirk Shores sitiye nan Pulaski, ki domie yon falèz sou Lak Ontario. Yo rekonèt pak la pou kan li yo, lapèch, plaj pou yo benyen nan Gra Lak ak rezo santye a. Pozisyon li toupre Rivyè Salmon ak sou yon pi gwo pasaj fè li popilè pou navigatè ak moun ki tizè zwazo yo tou. Plis pase 100,000 vizitè vini nan pak la chak ane.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre santènè nou pandan tout ane 2024 la epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#), ak [Blòg OPRHP](#).

###